

Òganizasyon Jèn Pwogresif Valere (OJPV), Valere



Depatman: Latibonit

Yon lè Valere te gen gwo pwoblem debwazman, kounye a rebwaze ak pyebwa yon travay ki se rezilta efò òganizasyon lokal zòn lan ke yo rele òganizasyon Jen Pwogresif Valere (OJPV) k'ap fè pwomosyon jesyon fore. OJPV genyen yon pepinye, fè resiklaj papye ak plastik, angre epi fè atelye kominote sou rebwazman ak jesyon fore.




Ki sa lòt kominite ka aprann de OJPV ak Valere?

* Jesyon pepinye, rebwazman, ak konpòs

*Metod ke yo rele “fore amelyore” ki melanje ak agrikilti ak pyebwa

Wozo Ayiti: Rasin Chanjman



Istwa òganizasyon

Nan komansman 1980 kominote Valere a, nan seksyon kominal Dezam, komanse soufri yon gwo problèm debwazman. Nan epòk sa a rejim Divalye a te mennen yon kanpay nasyonal pou ekstèmine kochon kreyòl (yon ras kreyòl ki te enpòtan anpil nan vi kominote a) sou pretèks pou yo ka kanpe yon grip kochon, epi fè agrikiltè yo vinn antre nan fè chabon. Anplis de sa, pou reponn ak opozisyon kominote a rejim Divalye, Tonton Makout yo (polis sekre Divalye) detwi yon gwo pòsyon nan jaden ak pyebwa pou ke moun yo sible yo pa gen okenn kote pou yo kache. Nenpòt moun ke yo te we ki t ap plante pyebwa Tonton Makout yo te kalifye yo de “kominis” e moun say yo te riske baton oubyen prizon.


Yon rezime de sa k ap fet

Nan fason sa a, lè ane 1980 yo ap fini, gwo problèm debwazman nan Valere a vin kreye ewozyon ak diminisyon pwodiksyon agrikòl yo. Men, yon gwoup jenn nan Valere deside ke fason y ap viv la pa bon epi yo deside mete sou pye yon òganizasyon yo rele Òganizasyon Jenn Pwogresif Valere (OJPV). OJPV ak kazèk la, otorite lokal zonn nan ak tout kazèk la enspire de pwogram rebwazman ki nan lòt kominote tankou Kanperin ak Lèmbe. Nan bon kolaborasyon avèk komite santral òganizasyon Menonit lan, OJPV resevwa yon fòmasyon sou jesyon pepinye pyebwa ak rebwazman, epi jwenn bagay ki nesesè pou komanse pepinye pa yo.

Nan premye jou yo, efò òganizasyon an bay yon ti kras rezilta: yo distribye yon milye pyebwa men ke yo vin konnen ke moun yo pa t plante. Sa vin fè OJPV komanse yon kanpay sou enpòtans pyebwa nan legliz ak tamp epi komanse edike kominote a sou enpòtans pye bwa. OJPV chanje tou fason yo te konn abitye pale de enpòtans pyebwa yo. Olye yo konsantre yo sèlman sou byenfè pyebwa yo, yo pale sou pyebwa ak fason pou jere fore pou li kapab yon fason pratik pou moun kapab fè ti kòb yo.

Lè sa a, moun yo vinn we koman li fasil pou yo fè kòb nan pyebwa anplis de byenfè li genyen sou anviwonman an. Se chanjman sa yo ki te komanse chanje fason kominote a panse, epi pa twò lontan, pyebwa ke OJPV vin distribye yo, yo te vinn remake kominote a plante yo epi pran swen yo. Moun yo komanse ranplase jaden pou vin tounen fore. Jodia a nan Valere, olye moun refere yo ak jaden yo, yo refere yo ak fore yo.

Kounye a Valere tounen yon fore nèt, rivyè a re-tounen pran fòm li, e chak manm kominote a bay kout men nan plantasyon pyebwa yo.





Kisa lòt kominote ka aprann de inisyativ sa a?

Li fasil pou di ke OJPV fè eksperyans jesyon pepinye ak rebwazman. Men sa ki inik la se petèt strateji ke yo itilize pou pale sou anviwonman ak avantaj pratik pyebwa yo bay. Yo gen yon gwo ekspètiz nan plante pye akasya yon bagay ki te toujou zam prefere yo pou rebwazman.

Yo devlope tou yon metòd ke yo rele “amelyore fore” ki melanje ak agrikilti ak fore epi jaden tradisyonèl ki fè yon agrikiltè gen plis opsyon epi kapab asire l ke toujou gen yon bagay pou rekòlte.

OJPV se yon ekspè tou nan fè konpozisyon òganik pou pepinye avèk materyèl lokal yo.

Kontak:

Feneck Gilbert. Tel: 3788-7869
Michelet Elisema. Tel: 3897-3733